

# DI INJECTION






Women wey dey for market listen to the talk wey health education workers they give.



Mama bring book wey family planning information dey come home to discuss with Papa. Papa gree say make Mama rest for few years befor im born pikin again.







Mama an Papa come decide say make dem go get advice for family planning klinic.




Di nurse come tell dem about all di kin methods wey dey for family planning an di injection be one of dem.







Di nurse test Mama to make sure weda di injection go good for am.




Papa an Mama come gree say dem go use di injection method.






Di nurse tell dem say na efry three-three months dem dey give di injection so dat Mama no go get bele wen im no want am.



Di nurse give Mama im first injection during di time wey im dey do her menses so dat di nurse go know say Mama never get bele.






Di nurse come tell dem say if woman dey use di injection im menses fit no come on time or make e no come plenty. Di woman fit get headache or make i be like say im wan vomit or make im eyes dey turn. Even sef di woman fit dey become fat.





Di nurse tell Mama say make in come for di next injection in three months time.





When Mama get headache or e be like say im wan dey vomit im come go back for klinic to report.



Mama an Papa come go klinic go report di tin wey happen to Mama to di nurse. Nurse tell mama say make she no worry dat di headache go go. If i no go make she come back for Klinic.






Mama still fit de do her work well even when she dey take di injection. Di injection no dey disturb di brest wey Mama dey give pikin so Mama fit dey give di pikin brest as im dey take di injection.



After three years, Mama an Papa decide sey dey wan get anoda pikin.






Mama an Papa come go back to klinic to tell di nurse say dey wan get anoda pikin. Nurse tell Mama say make i no take injection again.



When Mama no take di injection for some months, Mama come get bele again.

Now Mama an Papa don get di numba of pikin wey dey wan get. Mama den come begin take injection again so dat im no go get bele wen in no want am.

Planned Parenthood
Federation of Nigeria

PL-NGA-66

JHU/PCS
MEDIA/MATERIALS
COLLECTION